



Angaje fanmi pou yo vin vrè asosye nou

Chè Nouyòkè,

Mwen espere mesaj sa a jwenn nou antoure avèk chalè ak yon atitid kominote. Pandan n ap apwoche fèt Thanksgiving lan, mwen vle montre rekonesans mwen anvè fanmi nou yo dèske yo chwazi Lekòl Leta Vil Nouyòk, ak anplwaye NYCPS nou yo pou devouman yo bay fanmi nou yo.

Mwen kwè vizyon nou gen ansanm pou timoun nou yo—Yon bon demaraj pou yon avni asire (Bright Starts and Bold Futures)—anrasinen byen fon nan fòs fanmi ak kominote lekòl nou yo mete ansanm. Se poutèt sa angajman se poto mitan tout sa n ap fè. Fanmi: patisipasyon w pa sèlman enpòtan; men, li esansyèl.

Konsidere [NYC Reads](#), inisyativ nou pou transfòme fason nou anseye elèv lekti. Nan distri ki nan Faz 1 yo, nou kontan anpil kolabore avèk fanmi atravè aktivite literacy lokal, epi nan distri ki nan Faz 2 yo, kote nou pral aplike NYC Reads ane lekòl pwochen, opinyon fanmi ak kominote pral fòme desizyon enpòtan nou gen pou pran konsènan kourikoulòm yo. N ap pataje tou [aktivite](#) ak [resous](#) avèk fanmi atravè vil la pou ranfòse aptitud lekti lakay. Ete ki sot pase a, plis pase 1,000 fanmi te patisipe avèk nou nan yo sesyon sou nouvo kourikoulòm pou debitan Early Childhood nou an, epi sesyon sa yo ap kontinye pandan tout ane lekòl la.

Nan travay nou pou wout pou kolèj ak karyè, paran lidè yo te jwe yon wòl enpòtan nan gide lansman pwogram [FutureReadyNYC ak Modern Youth Apprenticeships](#) nou an. Ekip *Family and Community Engagement* ak *Office of Student Pathway* te dirije tou gwoup fokis pou fanmi, pou asire resous nou yo, tankou paj kolèj ak karyè nan [NYCSA](#), itil epi yo bay enfòmasyon ki enpòtan.

Nan NYCPS, nou apresye lidèchip paran ni nan nivo lekòl la ni nan nivo tout vil la. Èske w te konnen chak paran oswa responsab yon timoun se manm Asosyasyon paran oswa Asosyasyon paran pwofesè nan lekòl pa yo a otomatikman? Fanmi: vwa ou enpòtan! Mwen ankouraje w konekte avèk lekòl ou a pou patisipe epi jwenn enfòmasyon sou lòt opòtinite angajman ki gen nan lekòl la, tankou [Ekip lidèchip lekòl, Konsèy byennèt lekòl, ak reprezantan Tit 1](#).

Nan nivo tout vil la, Komite konsèy paran Chanselye a (Chancellor’s Parent Advisory Council, CPAC) ak 36 Kominote ak Konsèy Edikasyon Vil (CEC) nou yo ofri tou platfòm pou fanmi fè yo tandè vwa yo. (Nou menm gen plas disponib nan CEC yo pou elèv klas 12yèm ane, ki ka aplike [la a](#).) Mwen toujou jwenn enspirasyon nan diskisyon anime byen pwofon nan reyinyon kominotè CEC nou yo, epi mwen envite w kòdyalman pou patisipe nan pwochen reyinyon [CEC](#) ak [CPAC](#) ap fè pou ivè sa a.

Mwen vle remèsye nou chak ankò—fanmi, anplwaye, ak manm kominote a—pou angajman solid nou pran ak pou patenarya nou. Ansanm, n ap mete kondisyon pou yon bon demaraj ak yon avni asire pou elèv nou yo, pou chak timoun ka reyalize tout potansyèl yo. Se yon onè pou mwen pou m ap fè travay sa a bò kote w.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Vedeyo aktyalite nou an:



Pou tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube](#) nou an.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl sou NYCPS ki pi resan an.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou soutit ki tradui: Klike sou icon "CC" a. Klike sou icon "Setting" lan epi chwazi "Subtitles / CC". Chwazi "Auto-translate" epi chwazi lang ou an.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You a ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).